

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab panalungtik bakal medar perkara métode panalungtikan anu ngawengku (1) wangenan oprasional, (2) padika nangtukeun data, (3) pakakas panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik ngolah data.

#### 3.1 Wangenan Oprasional

Istilah-istilah anu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana ditélélakeun ieu di handap.

- 1) Adegan nyaéta wangun.
- 2) Kalimah téh nyaéta kontruksi gramatik maksimal, nu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu rélatif éta kontruksi téh bisa madeg mandiri.
- 3) Adegan kalimah nyaéta tata susunan kalimah katut babagianna.
- 4) kedaling ambek nyaéta éksprési verbal dina wangun omongan atawa caritaan anu kedal sacara lisan, timbul lantaran rasa keuheul, kuciwa, teu panuju, teu dihargaan, jeung sajabana.
- 5) Drama nyaéta wacana anu midangkeun carita atawa lalakon ku paguneman (dialog), diajangkeun pikeun diragakeun ku pamaén (aktor) dina pagelaran.
- 6) Bahan ajar nyaéta sajumlah matéri anu baris ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar.

Jadi anu dimaksud ku judul "Adegan Kalimah Kedaling Ambek dina Kumpulan Naskah Drama Sunda *Jeblog* pikeun Bahan pangajaran Guneman Di SMA" nyaéta tata susunan kalimah-kalimah kedaling ambek anu aya dina wacana drama nu dijadikeun sajumlah matéri pikeun ditepikeun dina kagiatan diajar-ngajar, anu diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan maké basa jeung sastra Sunda, kamampuh mikir jeung maké nalar, kamampuh ngajembaran pangaweruh budaya Sunda, ngasah rasa jeung parigel dina ngajalin tali mimitran jeung jalma séjén.

### **3.2 Padika Nangtukeun Data**

Dina hiji panalungtikan, populasi jeung sampel mangrupa hal anu penting dina nangtukeun objék panalungtikan. Numutkeun Arikunto (1996: 115) "Populasi adalah keseluruhan objék penelitian." Mangka anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah kedaling ambek basa Sunda anu sumberna tina wacana tinulis, nyaéta tina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*.

Sampel mangrupa sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik sarta dianggap réprésentatif tina populasina. Sampel anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sampel total. Ku kituna, anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kalimah kedaling ambek anu aya dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*.

### 3.3 Pakakas Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data salaku pakakas atawa instrumén panalungtikan. Kartu data nyaéta cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nyalin jeung mindahkeun sakabéh data anu diperlukeun, dina ieu hal nyaéta sakabéh kalimah kedaling ambek dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog* pikeun dijadikeun bahan ajar di SMA.

Eusi dina kartu data nyaéta cutatan data kalimah kedaling ambek dina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog* anu disusun sacara *alfhabet*. Anu saterusna dibéré nomer jeung kodé. Éta kartu data téh, ditambah ku ayana catetan kalimah anu aya disajeroeun tanda kurung (...). Jeroeun tanda kurung ditulis sumber data kalimah kedaling ambek. Eusina nyaéta nomer urut data nu ngawengku kaca jeung jajaran.

Tabel 2.1

Kartu Data

A

*Aing rék mandi!* (A/13/9)

Adegan : J + C

Wujudiah : kalimah

Papasingan kalimah : kalimah sampurna

Pilihan kecap : basa kasar

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data, ieu panalungtikan ngagunakeun dua téhnik nyaéta téhnik studi dokumentasi jeung téhnik obsérvasi. Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data nu dibutuhkeun, dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan di antarana di handap ieu.

1. Nyaluyukeun panalungtikan jeung standar kompetensi jeung kompetensi dasar anu aya dina *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*.
2. Neangan buku nu rék dijadikeun bahan panalungtikan.
3. Nangtukeun judul buku nu rék ditalungtik.
4. Maca buku nu rék ditaluktik, nyaéta kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*.
5. Nyirian kalimah kedaling ambek anu kapanggih.
6. Nyalin kalimah kedaling ambek kana kartu data.
7. Nganomeran atawa ngodean kartu data.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah anu kudu dilakukeun dina ngolah data di antarana ngaliwatan sababaraha tahapan anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Nganalisis data tina pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda.
- 2) Nyieun papasingan kalimah kedaling ambek tina pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda.

- 3) Ngitung perséntase papasingan kalimah kedaling ambek tina pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda.
- 4) Ngadeskripsikeun kalimah kedaling ambek tina pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek basa Sunda.
- 5) Nyieun bahan ajar guneman kalimah kedaling ambek di SMA .
- 6) Napsirkeun jeung nyindekkeun perkara adegan kalimah kedaling ambek tina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog* pikeun bahan pangajaran gunéman di SMA.

